

## Davy Crockett Sove Tout Moun



Se yon istwa sou Davy Crockett, ki se pi gran forestye ki janm viv. Komèt Halley t ap pwoche sou latè, epi

tout moun gen laperèz. Ke komèt la te de milyon kilomèt long. Si li frappe, tout moun nan lès ap eksploze an ti moso.

Prezidan an rele Davy pou mande li sekou. Nan epòk sa, Davy Crockett pa t konnen anyen sou komèt. Li pa t genyen okenn lide tè a te an danje.

Li te fon nan forè a ap anseye tèt li nan dans pou li enpresyone yon jèn fi ki rele Sally Sugartree.

Sally li jounal chak jou, epi li konnen tout bagay sou Komèt Halley. Sally te ale chèche Davy. Li montre Davy anons Prezidan an. Davy toujou pa t konnen sa Komèt Halley te ye. Men li di si Prezidan peyi Etazini te vle wè l, li pap pèdi tan, pou l ale Wachintonn.

Distans Davy Rive Nan Mezon Blanch lan,



Komèt Halley a apwòche pi pre. Prezidan

di Davy monte sou tèt yon mòn pou tan Komèt la.

Distans Davy rive sou tèt mon an li te deja aswè.

Komèt la plonje toudwat sou Davy, epi Davy vole sou Komèt la. Pou eseye nwaye Davy, Komèt la vole nan lanmè, men sa lakòz komèt la fonn. David kenbe sa ki te rete nan ke komèt la, epi li voye li jete nan lesplas. Konsa, latè te sove. Davy te fè yon bon travay yo te gen yon gwo parad pou onorel. Li te rive marye Sally Sugartree, epitou yo te eli l nan kongrè a.

Men komèt la boule cheve Davy. Se poutèt sa Davy toujou mete yon chapo nan tèt li, ki fèt ak po bèt.



Non: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Kesyon Esansyèl

**Ki kalite istwa nou di? Poukisa nou di yo?**



**Mo Kle**

- Forestye
- Laperèz
- Enpresyone
- kongrè

1. Poukisa daprè ou menm otè a ekri istwa a?

---

---

---

2. Ki pi gwo pwoblèm nan istwa a?

---

---

---

3. Kijan pwoblèm nan istwa a te rezoud?

---

---

---

4. Kouman Davy te kenbe komèt la?

---

---

---